

Vil Davie Règleman Vil La- Kesyon
Sou Biltin Vòt Rezime

Tout Dokiman Town Charter a

1. *Tit:* Koreksyon gramatikal nan tout Town Charter a.

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a pral korije erè gramatikal tankou lèt majiskil ak fason ki apwopriye pou itilize non yo, koma yo, ak peryòd yo.

Kesyon: Èske vilaj davie Town Charter dwe amande pou korije erè gramatikal yo?

Wi _____

Non _____

2. *Tit:* Referans-net konsènan sèks

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a ap chache abòde referans-net konsènan sèks yo l ap itilize tit pozisyon nan plas referans espesifik seksyèl.

Kesyon: Èske referans – net konsènan sèks yo pral ranplase itilizasyon pozisyon tit yo?

Wi _____

Non _____

3. *Tit:* seksyon 4 elimine langaj akayik pa konsèy revizyon Charter a.

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a pral ranplase langaj akayik la avèk tèminoloji modèn lan epi li pral elimine referans dat akayik la.

Kesyon: Èske seksyon 4 la ki amande pral ranplase langaj akayik la avèk tèminoloji modèn lan?

Wi _____

Non _____

6yèm seksyon. Administrasyon minisipal

4. *Tit:* Seksyon 6(F), *Revizyon anyèl vil la, aktyalizasyon langaj pou òdone kont vil la.*

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a ap chache mete ajou egzijans majorite vòt pou yon kontwòl kont anyèl otomatikman obligatwa yon kontwòl kont anyèl san yon vòt konsèy vil la.

Kesyon: Seksyon 6(F), *Revizyon anyèl vil la*, èske langaj ki amande a ap ranplase fraz “*vin gen pouvwa pa majorite pou vote pou egzije*” avèk tèm “*konduit*” pou òdone otomatikman yon revizyon anyèl vil la san yon vòt konsèy vil la?

Wi _____

Non _____

5. *Tit:* Anile Seksyon 6(K), *Vann Pwopriyete ki nan Vil la.*

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a ap chache anile Seksyon 6(K), Vann Pwopriyete ki nan Vil ki abòde vant lan nan pwopriyete pèsònèl, pwopriyete reyèl, ak acha nan pwopriyete reyèl. Si yo anile l, konsèy minisipal la pwopoze pou adopte seksyon sa a pa mwayen òdonans ki konfòm avèk lwa floride yo.

Kesyon: Èske Seksyon 6(K), *Vann pwopriyete ki nan Vil la* dwe anile?

Wi _____

Non _____

Seksyon 8. Finans

6. *Tit:* Seksyon 8(E)(1), *Prezantasyon pwogram imobilizasyon konsèy minisipal la, chanjman dat pou voye pwogram imobilizasyon yo.*

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a pral chanje dat pou voye pwogram imobilizasyon bay konsèy minisipal la a pati 15 out a 1ye septanm chak ane, yon fason pou respekte bidjè ane fiskal la.

Kesyon: Seksyon 8(E)(1), èske l dwe amande pou chanje dat pou voye pwogram imobilye a bay konsèy minisipal la a pati 15 out jiska 1ye septanm chak ane, yon fason pou respekte bidjè ane fiskal la?

Wi _____

Non _____

Seksyon 9. Planifikasyon ak Devlopman

7. Tit: Seksyon 9(C), *Konsèy vil la ak zonaj ak komite Plan Lokal la*, komite konsèy konsolidasyon.

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a ap chache konsolide Komite Planifikasyon ak Zonaj komite a ak komite Plan Sit la pou amelyore sipèvizyon devlopman yo.

Kesyon: Èske Seksyon 9(C), pral amande pou konsolide konsèy planifikasyon an ak zonaj komite a ak komite Plan Sit pou amelyore sipèvizyon devlopman an ?

Wi _____

Non _____

8. Tit: Seksyon 9(G), *Kay ki fèt illegal yo*, anile seksyon an.

Rezime Bilten an: Amanman ki pwopoze a dwe anile Seksyon 9 (G) a selon kòd lwa nan konstriksyon Florida a.

Kesyon: Èske seksyon 9(G) a, dwe anile?

Wi _____

Non _____

Seksyon 11. Depatman Ponpye

9. Tit: Seksyon 11, *Sèvis sekou lè gen dife*, Chèf ponpye a enfòm administratè vil la.

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a ap chache mete langaj ki konsistan avèk rapò sou Chèf Ponpye a bay Administratè Vil la, ki konsistan avèk tout lòt direktè departman yo.

Kesyon: Èske seksyon 11, dwe amande, mete “ Chèf Ponpye a ak sekou, anba direksyon Administratè Vil la, èske l ap egzekite lòd jiridik konsèy minisipal la, epi dirije aktivite sèvis sekou nan ka kote ki gen dife an akò ak règleman konsèy minisipal la bay?

Wi _____

Non _____

Seksyon 13. Eleksyon

10. *Tit:* Seksyon 13(F), *Eleksyon*, Pwosedri pou Kalifikasyon Kandida.

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a dwe mete yon langaj ki dekri egzijans rezidans kandida a bay konsèy minisipal la. Kandida a dwe rete nan distri jewografi a kote l gen entansyon chache yon pòs, pou minimòm yon (1) ane anvan premye jou peryòd li kalifye a.

Kesyon: Èske seksyon 13(F) dwe amande, angaje “ elektè ki anrejistre a li dwe bay prèv l ap viv nan vil la pou yon minimòm (1) ane anvan peryòd referans lan ouvè?

Wi _____

Non _____

Seksyon 7. Konsèy minisipal, Majistra ak Lejislasyon

11. *Tit:* Seksyon 7(J) *Salè manb konsèy yo ak Majistra a*, revize salè manb konsèy la ak majistra a.

Rezime bilten an: Amanman ki pwopoze a pral ogmante salè konsèy minisipal la ak salè Majistra a. salè ki pwopoze pou manb konsèy la dwe de mil senk san dola (\$2,500) epi salè ki pwopoze pou majistra a pa mwa dwe de mil sèt san senkant dola (\$2,750) ki pral vin efektif 1ye Desanm 2020.

Kesyon: Èske yo dwe revize seksyon 7(J), pou retire ajisteman pri la vi a toutpandan y ap ogmante kòb chak mwa manb konsèy la a de mil senk san dola (\$2,500) epi kòb Majistra a pa mwa a de mil sèt san senkant dola (\$2,750) san yo pa ogmante pri vi a, efektif a pati 1 Desanm 2020?

Wi _____

Non _____